# TÁRBIYA PÁNIN OQÍTÍWDA KLASTER TEXNOLOGIYASÍNAN PAYDALANÍWDÍŃ SHÁRT-SHÁRÁYATLARÍ

**Madetbaeva Xurliman Sapargali kızı**
**Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutınıń 2-kurs magistrantı**
**Xurlimanmedetbaeva1998@gmail.com +998999467307**
https://doi.org/10.5281/zenodo.20395259

**Annotatsiya:** Bul teziste tárbiya pánin oqıtıw processinde klaster texnologiyasınan paydalanıwdıń pedagogikalıq shárt-sharáyatları hám didaktikalıq imkániyatları jarıtılǵan. Sonıń menen birge, klaster texnologiyası oqıwshılardıń óz betinshe erkin pikirlewi, doretiwshilik qábileti hám de sabaq processindegi aktivligin asırıwdağı áhimiyeti analiz etilgen. Izertlew barısında zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalar tiykarında tárbiya pánin nátiyjeli shólkemlestiriwdin metodikalıq tárepleri kórip shıǵılǵan hám de ámeliy usınıslar islep shıǵılǵan.

**Tayanısh túsinikler:** tárbiya páni, klaster texnologiyası, pedagogikalıq texnologiya, interaktiv metodlar, óz betinshe pikirlew, tálimniń nátiyjeliligi, dóretiwshilik qábileti.

**KIRISIW**

Búgingi globbalasıw sháráyatında bilimlendiriw sistemasına qoyılıp atırǵan talaplar keskin artıp baratırǵan bir waqıtta jas áwladtıń intellektual potenciyalı, sotsiallıq aktivligi hám manawiy - tárbiyalıq qaraslarıń rawajlandırıw ayrıqsha áhimiyet kásip etpekte. Sol sebepli bilimlendiriw processin zamanagóy pedagogikalıq jantasıwlar tiykarında shólkemlestiriw hám de innovatsiyalıq texnologiyalardı keńnen engiziw aktual wazıypalardan biri esaplanadı.

Tárbiya páni oqıwshılarda milliy hám ulıwma insániylıq qádiriyatlardı, óz betinshe pikirlew, sáwbet, birge islesiw, tolerantlıq sıyaqlı kónlikpelerdi qáliplestiriwde áhimiyetli rol oynaydı. Sol sebepli, onı nátiyjeli oqıtıwda zamanagóy pedagogikalıq jantasıwlardan paydalanıw zárúr.

Búgingi kúnde jas áwladtıń sanasına hár túrli idealogiyalıq tásirler hám biygana pikirlerdiń kirip keliw processi kúsheymekte. Bunday jaǵdayda oqıwshılardı óz betinshe pikirlewge úyretiw, olardıń social-psixologiyalıq immunitetin kúsheyttiriw, milliy qádiriyat hám ulıwma insániy pazıyletler ruwxında tárbiyalaw áhimiyetli wazıypaǵa aylanbaqta.

Klaster texnologiyası oqıwshılardıń pikirlerin sistemalı ráwishte bayan etiw, túsinikler arasındağı baylanıslılıqtı anıqlaw hám de temanı tereń ózlestiriw imkánin beredi. Biraq, usı texnologiyadan nátiyjeli paydalanıw ushın belgili bir pedagogikalıq hám metodikalıq shárt-sháráyatlar jaratıw talap etiledi.

Sonnan, sabaqtıń durıs shólkemlestiriliwi, oqıtıwshınıń pedagogikalıq sheberligi, interaktiv metodlardan paydalanıw kónlikpesi, bilimlendiriw qurallarınıń jeterliligi hám de oqıwshılardıń aktiv qatnası klaster texnologiyasınıń nátiyjeliligin támiyinlewshi  áhimiyetli faktorlar esaplanadı. Sonıń ushın tárbiya pánin oqıtıwda klaster texnologiyasınan paydalanıwdıń shárt-sháráyatların úyreniw aktual máselelerden biri esaplanadı.

**TIYKARǴÍ BÓLIM**

Pedagogikalıq processte belgili bir tálim texnologiyasınıń nátiyjeliligi onı ámelge asırıw ushın zárúr bolǵan shárt-sháráyatlarǵa hám onıń durıs shólkemlestiriliwine tikkeley baylanıslı. Ilimiy pedagogikalıq ádebiyatlarda shárt-sháráyat túsinigi bilimlendiriw processiniń nátiyjeli bolıwın támiyinlewshi faktorlar jıyındısı sıpatında talqılanadı.

Pedagogika páninde shárt-sháráyatlar didaktikalıq, pedagogikalıq, psixologiyalıq hám de shólkemlestiriwshi – texnikalıq tárepler menen úzliksiz baylanıslı túrde qaraladı. Bul kórsetilgen

shárt-sharáyatlardıń uyǵınlıǵı bilimlendiriw processiniń maqsetke baǵdarlanǵanlıǵıne, sistemalı hám nátiyjeli shólkemlestiriliwine xızmet etedi.

J. Yoldoshev hám S. Usmonovlardıń pikirinshe, bilimlendiriw processinde shárt-sharáyatlardıń jeterli dárejede támiyinlenbesligi, hátteki eń nátiyjeli metod hám texnologiyalardıń da kútilgen nátiyjeni bermesligine alıp keledi delingen.

Tárbiya pánin oqıtıwda klaster texnologiyasınan paydalanıw da, áyne usı kórsetilgen shárt-sharáyatlardıń tolıq túrde támiyinleniwin talap etedi. Sebebi, klaster texnologiyası oqıwshılardıń óz betinshe pikirlewine, belgilengen tema boyınsha pikir hám ideyalardı sistemalastırıwına hám logikalıq baylanıslardı anıqlawǵa baǵdarlanǵan interaktiv tálim texnologiyası esaplanadı. Sol sebepli tárbiya pánin oqıtıwda klaster texnologiyasınan paydalanıwdıń tiykarǵı didaktikalıq, pedagogikalıq, psixologiyalıq hám de shólkemlestiriwshi – texnikalıq shárt-sharáyatlar analiz etiledi.

**Didaktikalıq shárt-sharáyatlar** – tálim processinde oqıwshılardıń bilim, kónlikpe hám kompetensiyaların nátiyjeli qáliplestiriwge xızmet etiwshi pedagogikalıq, metodikalıq hám de shólkemlestiriwshi faktorlar jıyındısı esaplanadı. Didaktikalıq shárt-sharáyatlar klaster texnologiyasınıń nátiyjeli qollanıwı ushın teoriyalıq tiykar jaratadı, oqıwshılardıń biliw processin sistemalı, basqıshpa-basqısh hám aktiv ráwishte shólkemlestiriw imkániyatın beredi.

**Pedagogikalıq shárt-sharáyatlar** – tálim processiniń nátiyjeliligin támiyinlewshi áhimiyetli faktorlardan biri esaplanadı. Tárbiya pánin oqıtıwda klaster texnologiyasınan nátiyjeli paydalanıw ushın oqıtıwshınıń metodikalıq tayarlıǵı, sabaqtıń durıs shólkemlestiriliwi, interaktiv tálim ortalıǵınıń jaratılıwı hám de oqıwshılardıń aktiv qatnasın támiyinlew úlken rol atqaradı. Tárbiya pánin oqıtıw barısında pedagog metodikalıq bilimlerge, sonın menen qatar joqarı etikalıq mádeniyatqa, pedagogikalıq taktikaǵa, baylanıs mádeniyatına hám úlgi kórsete alıw qábiletine iye bolıw kerek.

**Psixologiyalıq shárt-sharáyatlar** – bilimlendiriw processinde oqıwshılardıń biliw iskerligin, emotsional jaǵdayın, motivatsiyasın hám shaxslar aralıq baylanısların tártipke salıwshı faktorlar jıyındısın ilimiy tiykarda shólkemlestiriwdi ańlatadı. Klaster texnologiyasın tárbiya páninde qollawda oqıwshılardıń psixikalıq rawajlanıw nızamlıqların esapqa alǵan halda shólkemlestirgende ǵana unamlı nátiyje beredi.

**Shólkemlestiriwshi shárt-sharáyatlar** – Bilimlendiriw processinde klaster texnologiyasın nátiyjeli alıp barıw ushın zárúr bolǵan texnikalıq, waqıt penen basqarıw, topar hám tálim ortalıǵın shólkemlestiriwshi faktorlar esaplanadı.

**JUWMAQ**

Juwmaq etip aytqanda, tárbiya pánin oqıtıwda klaster texnologiyasınan nátiyjeli paydalanıw belgili bir pedagogikaliq shárt-sharáyatlardı talap etedi. Atap aytqanda, oqıtıwshınıń metodikalıq tayarlıǵı, sabaqtıń durıs shólkemlestiriliwi, interaktiv tálim ortalıǵınıń jaratılıwı, zamanagóy tálim qurallarınan paydalanıw hám de oqıwshılardıń aktiv qatnasın támiyinlew klaster texnologiyasınıń nátiyjeliligin asırıwshı áhmiyetli faktorlar bolıp esaplanadı.

Sonıń menen birge, bul texnologiyanı tárbiya pa̋ninde qollanıw, oqıwshılardıń óz betinshe pikirlewin, logikalıq oylawın hám dóretiwshilik qábiletin rawajlandırıwǵa xızmet etedi. Sol sebepli tárbiya pánin oqıtıw processinde klaster texnologiyasınan paydalanıwdıń pedagogikalıq shárt-sharáyatların jaratıw hám ámeliyatqa engiziw áhmiyetli esaplanadı.

## Adabiyotlar, References, Литературы:

1. Tóraqulov O. Globbalashuv va Yoshlar tarbiyasi – Toshkent: Mánaviyat, 2019. – B.28-30.

2. Yo'ldoshev J.G'., Usmonov S. Zamonaviy pedagogik texnologiyalar. – Toshkent: o'qituvchi, 2012. b. 220.
3. Jo'rayev R.X. Pedagogik texnologiyalar nazariyasi va amaliyoti. – Toshkent: o'qituvchi, 2018.
4. Ishmuhamedov Rustam. Innovatsion pedagogik texnologiyalar. – Toshkent: Fan va texnologiya, 2020. – 156 b.